# ӨРТТИ БОЛДЫРМАЎҒА БИРГЕЛИКТЕ ГУРЕСЕЙИК

**Ж. Хожанов**

Тахтакопир районы АЖБ баслыгы орынбасары майор.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.15052660***

***Анотация.*** *Бул мақалада өрт қәўипсизлиги район ҳәкиминиң сол тикарынадғы баянламасы жәнеде өрттиң алдын алыўға каратылған илажлар ҳаққында сөз етилген.*

***Гилт сөзлер:*** *Өрт қәўипсизлиги, обьект, айрықша жағдайлар, контрамарка*

## LET'S FIGHT TOGETHER TO PREVENT FIRES FROM SPREADING

***Abstract.*** *This article discusses the current decision of the district governor on fire safety and measures aimed at further preventing fires*

***Keywords:*** *construction, buildings, residential areas, emergency situations.*

## ДАВАЙТЕ ВМЕСТЕ БОРОТЬСЯ, ЧТОБЫ НЕ ДОПУСТИТЬ РАСПРОСТРАНЕНИЯ ПОЖАРОВ

***Аннотация.*** *В статье рассматривается действующее постановление губернатора округа по вопросам пожарной безопасности и меры, направленные на дальнейшее предупреждение пожаров***.**

***Ключевые слова:*** *строительство, здания, жилые массивы, чрезвычайные ситуации.*

---

Бәҳәр айларында пуқаралар уй әтирапын тазалап өт шоплерди мусорларды өртеў ақыбетинде өрт жуз бериӯине алып келеди.

Демек пукаралардын уйлеринде, сондай-ак мал муликлеримизди өрт қәўипинен қатаң сақлаў ҳәр биримиздиң ен баслы уазыйпаларымыздан есапланады.

Районлық Айрықша жағдайлар бөлими хызметкерлери өрт қәўипсизлигин тәмийинлеу бойынша бир қатар нәтийжели илажлар жургизип атыр.

Бул бағдарда пукаралар арасында тусиник жумыслары ҳәм ушырасыўлар өткерилмекте.

Пукараларымыз турак жайларында өрт қәўипсизлиги қәделерине айрыкша итибар қаратыў лазымлығы бойынша еслетпелер таркатылмакта.

Жуз берип атырған өртлерди салыстырып карасак, электр проводларындагы кыска тутасыў нәтийжесиенде пайда болған өртлар тез-тез ушырасып турады.

Айрым турак жайларда ушырасып атырған изоляция қабығы истен шыққан хәм электр сымларынын жалғанған жерлериниң ашық ҳалда болыўы өрттиң келип шығыўына себепши болады.

Сонлықтанда айрым пукаралар турак жайларындағы кунделикли пайдаланып атырған электр ускенелеринен дурыс пайдаланса ҳам электр сымларының изоляциясының жарамлылығын тез-тез көзден өткерип турса хәм кемшиликлерди дузетип барса кеўилсиз жағдайлардың алдын алған болар едик.

Турак жайлардағы усындай хәм буннан баска кемшиликлерге итибарсызлык пенен қараў кеўилсиз жағдайларға алып келетуғынлығын халык арасында тусиндирип барыў хәм кеўилсиз жағдайлардың алдын алыў бизлердин баслы уазыйпамыз.

Төмендеги өрт қәўипсизлиги қәделерине әмел қылыў махсетке муўапық:

- Газ ускенелеринен дурыс пайдаланыу хәм газ ийисин сезгенде электр ускенелерин қоспаў, шырпы жакпаў, тез-арада «104» ке хабарлаў;
- Газ ускенелериң резиналы шлангалар менен жалғамаў;
- Электр есаплағышларына сым орап қоймаў;
- Жас өспиримлерди қараўсыз қалдырмаў;
- Жас балаларды ашык өрт пенен хәм шырпы менен ойнауына жол коймаў;
- Электр тармакларына жалғанған телевизор, радио хәм баскада электр ускенелерин караўсыз калдырмаў;
- Турак жай әтырапларын шығындылардан хәм тез жаныўшы куўрак шөплерден оз уактында тазалап турыў.

Бәршени усы қағыйдаларға әмел қылыўды хәм турак жайларымызда өрттиң алдын алыўда хәм оған карсы гуресиўде биргеликте белсендилик пенен катнасыўға шакырамыз.